

RITUÈL BÉNÉDIKSION  
LUIL MALAD YO AK LUIL KATÉKUMÈN YO  
ÉPI KONSÉKRASION KRÈM NAN

---



RITUÈL BÉNÉDIKSION  
LUIL MALAD YO  
AK LUIL KATÉKUMÈN YO  
ÉPI  
KONSÉKRASION KRÈM NAN

*Pro manuscripto*  
Port-au-Prince  
14 séptanm 2015  
Nan Égzaltasion Sint Koua-a

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Rituèl bénédiksyon luil malad yo ak luil katékumèn yo  
épi konsékrasyon krèm nan  
*Ordo benedicenti oleum catechumenorum et infirmorum  
et conficiendi chrisma (1971)*

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksyon kréyòl sa-a ak  
otorizasyon  
S. Em. Chibly Card. Langlois  
Évèk o Kay  
Prézidan Konfèrans Évèk Ayiti yo

22 out 2015

S. Vièj Mari, rènn

# PONTIFIKAL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A  
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

## RITUÈL BÉNÉDIKSION LUIL MALAD YO AK LUIL KATÉKUMÈN YO ÉPI KONSÉKRASION KRÈM NAN

ÉDISION TIPIK

1971







## SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 3133/70

### DÉKRÈ

Litiji Sémèn sint ki nan Misèl Romin-an, apré yo révizé li jan sa konvnan, yo té ouè li té nésésè tou pou yo adapté fason pou béni luil katékumèn yo ak malad yo épi pou fè krèm nan, sa-k té égzisté nan Pontifikal romin-an, sa yo anplouayé nan Mès krèm nan.

Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an révizé fason sa-a nou sot palé-a, Pap Pòl VI dakò avèk li nan otorité apostolik li, li déklaré-l, li mandé pou yo sèvi avèk li nan Pontifikal romin-an ki égzisté-a.

Yo rimmèt Konfèrans Évèk yo souin pou paré liv nan lang òdinè yo, épi pou yo prezanté yo bay Sakré Kongrégasion sa-a pou-l bay akò-l.

Tou sa-k kontrè pa gin doua bay okinn bariè.

Nan kay Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, 3 désanb 1970.

BENNO Card. GUT

*Sékrète d'Éta*

+ A. BUGNINI

Achévèk tit. Diokléysin.

Sékrète S. K. pou Kult Divin-an





## SA POU YO NOTÉ ANVAN

**1.** Sé pou yo konsidéré Évèk la kòm gran prèt bann mouton-lan. Sé nan li yon sètèn fason lavi fidèl li yo nan Kris la pran sous li avèk sipò-l.<sup>1</sup>

Mès Krèm nan, l-ap fè-a ansanm avèk prèt divès réjion diosèz la, koté l-ap konsakré sin krèm nan épi l-ap béni lòt luil yo, sé pou yo konsidéré-l nan pami manifèstasion ki pi inpòtan pou montré kijan Évèk la plin ak pouvoua prèt la nèt, épi sé pou yo konsidéré-l tou kòm sign rélasyon ki séré ant prèt yo avèk Évèk la. Réyèlman sé avèk krèm sakré-a, sa Évèk la fi-n konsakré-a, y-ap maké sa yo k-apral batizé-a, sé avèk li tou y-ap kité sign sou sa yo k-ap konfirmé yo. Avèk luil katékumèn yo, katékumèn sa yo ap préparé ak bòn dispozision pou Batèm nan. Anfin ak luil malad yo sa k-ap soufri yo ap soulajé nan maladi yo.

**2.** Litiji krétyin-an sèvi ak sa yo té konn fè nan Ansyin Téstaman-an, lè yo té konn maké roua yo, prèt yo ak profèt yo ak luil konsékrasyon-an, paské sé Kris la yo té konn ap réprézanté davans, li minm non-l vlé di sa-a Granmèt la maké-a.

Minm jan tou, avèk krèm ki sin-an, yo montré kijan krétyin yo antré nan mistè Pak Kris la gras a batèm nan, kijan yo mouri avèk li, yo antéré avèk li, yo résisité avèk li,<sup>2</sup> antan yo patisipé nan kondision roua-l la, profèt li-a, prèt li-a, épi kijan gras a konfirmasyon-an yo résévoua onksion spirituèl Éspri-Sin-an yo ba yo-a.

Rézilta égzòsism yo rivé nan luil katékumèn yo, lè sa yo k-ap batizé yo ap résévoua fòs pou yo kapab rénonné djab la ak péché-a anvan yo rivé nan sous lavi-a pou yo réfèt.

Luil malad yo, dapré témouagnaj sin Jak,<sup>3</sup> sèvi malad yo kòm rémèd pou féblès nanm ak kò, pou yo kapab sipòté maladi yo avèk fòs, pou yo kapab batay, pou yo kapab jouinn padon pou péché yo.

---

<sup>1</sup> Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 42.

<sup>2</sup> *Ibid.*, n. 6.

<sup>3</sup> *Iac* 5, 14.

## I. MATIÈ-A

3. Matiè-a ki adapté pou sakréman-an sé luil oliv yo oubyin, dapré sikonstans, lòt luil ki sot nan dòt plant.
4. Krèm nan fèt avèk luil ak losion, oubyin matiè ki santi bon.
5. Préparasion krèm nan kapab fèt soua an privé anvan konsékrasion-an, soua sé Évèk la minm k-ap fè-l pandan aksion litiji-a.

## II. MOUN K-AP FÈ-L LA

6. Konsékrasion krèm nan, sé Évèk la sèlman ki kapab fè-l.
7. Luil katékumèn yo, si dapré jijman Konfèrans épiskopal la sé pou yo kontinué sèvi ak li, sé Évèk la ki béni-l nan Mès krèm nan ansanm avèk lòt luil yo.

Sèlman yo bay prèt yo doua pou yo béni luil katékumèn yo, lè gin batèm adult, anvan onksion-an nan degré katékuména-a ki korésponn nan.

8. Luil pou yo anplouayé nan onksion malad yo, sé Évèk la ki pou béni-l pou sa, oubyin yon prèt ki gin doua sa-a dapré ròl li oubyin ki gin pèmision spésial li résévoua nan min Sin Sièj la.

Dapré doua-a, luil ki sèvi pou Onksion malad yo, min ki moun ki kapab béni-l:

- a) sa-a ki gin minm doua avèk Évèk diosèz la;
- b) nan ka vré nésésité, ninpòt ki prèt.

## III. JOU BÉNÉDIKSION-AN

9. Bénédiksion luil malad yo ak luil katékumèn yo, avèk konsékrasion krèm nan, dòdinè sé Évèk la ki fè-l jédi Sémèn sint la, nan Mès spésial yo sélébré nan matin-an.

10. Sèlman si jou sa-a li difisil anpil pou klèjé-a ak pèp la rasanblé avèk Évèk la, yo kapab mété bénédiksion sa-a yon lòt jou anvan, min toupré Pak la, y-a toujou sèvi ak Mès spésial la.

#### IV. PLAS BÉNÉDIKSION-AN NAN AKSION LITIJI-A

**11.** Dapré abitud ki transmèt nan litiji latin-an, bénédiksyon luit malad yo fèt anvan finisman Priyè ékaristik la, bénédiksyon luit katékumèn yo minm avèk konsékration krèm nan fèt apré Kominion-an.

**12.** Sèlman, pou rézon avantaj pèp la, yo pèmèt pou tout sérémoni bénédiksyon-an fèt apré litiji paròl la, y-a kinbé òrdo ki prezanté pi louin-an.

# FASON POU YO BÉNI LUIL YO ÉPI POU YO KONSAKRÉ KRÈM NAN

## SA POU YO PARÉ

**13.** Pou bénédiksion luil yo, anplis sa-k nésèsè pou Mès la, sé pou yo préparé:

Nan sakristi-a oubyin yon lòt koté ki adapté:

— poban luil yo;

— losion pou fè krèm nan, si Évèk la vlé fè mélanj la nan aksion litiji-a;

— pin, divin ak dlo pou Mès la, y-ap poté yo tout ansanm ak luil yo anvan préparasion kado yo.

Nan koté ki rézèvé pou prèt yo:

— yon tab pou dépozé poban luil yo, y-ap plasé-l yon fason pou pèp la ouè tout aksion sakré-a byin, pou-l patisipé ladan-l;

— fotèy pou Évèk la, si yo fè bénédiksion-an dévan lotèl la.

## SÉRÉMONI BÉNÉDIKSION-AN

**14.** Mès krèm nan sé toujou yon Mès konsélébré. Nan pami prèt yo k-ap konsélébré Mès la avèk Évèk la, épi ki sèvi-l témouin, ki asosié nan sèvis krèm sakré-a, li nésèsè pou gin kèk prèt ki soti nan divès réjion diosèz la.

**15.** Préparasion Évèk la, konsélébran yo ak lòt minis yo, antré yo nan légliz la, ak tou sa-k dépi nan kòmansman Mès la jous nan finisman litiji paròl la, yo fèt dapré sa-k indiké nan rit pou fè konsélébrasion-an. Diak yo, ki gin kichòy pou yo fè nan bénédiksion luil yo, yo proche kot lotèl la anvan prèt yo ki gin pou konsélébré yo.


16. Apré priyè inivèsèl la, diak yo ak sèvan yo ki dézignin pou yo poté luil yo, oubyin, si yo pa la, dèt prèt ak sèvan yo ak fidèl yo, k-ap poté pin, divin ak dlo, yo proché nan lòd koté sakristi-a oubyin koté yo té paré luil yo ak lòt ofrann yo. Lè yo tounin kot lotèl la, yo maché dapré lòd sa-a : toudabò sé sèvan-an k-ap poté véso ki gin losion-an, si Évèk la vlé fè krèm nan li minm, apré sa sé yon lòt sèvan avèk poban luil katékumèn yo, si y-ap béni-l, anfin sé yon lòt ankò avèk poban luil malad yo. Luil pou krèm nan sé alafin nèt diak la oubyin pè-a poté-l. Sèvan yo suiv sa yo k-ap poté pin-an, divin-an ak dlo-a pou fè Mès la.

17. Pandan prosésion-an ap travèsé nan Égliz la, koral la, pandan tout moun ap réponn, ap chanté imn O Redemptor (Rédanmtè-a) oubyin yon lòt chan adapté nan plas chan pou ofètoua-a.

O Redemptor



O Redémptor, sume carmen Te-met concinénti- um.



Arbor fe-ta alma luce Hoc sacrandum pro-tu-lit, Fert hoc pro-



na praesens turba Salva-tó-ri saécu-li.

Consecrare tu dignare,  
 Rex perennis patriae,  
 Hoc olivum, signum vivum,  
 Jura contra daemonum,

Ut novetur sexus omnis  
 Unctione chrismatis:  
 Ut sanetur sauciata  
 Dignitatis gloria.

Lota mente sacro fonte  
 Aufugantur crimina,  
 Uncta fronte sacrosancta  
 Influunt charismata.

Corde natus ex Parentis,  
 Alvim implens Virginis,  
 Praesta lucem, claude mortem  
 Chrismatis consortibus.

Sit haec dies festa nobis  
 Saeculorum saeculis,  
 Sit sacrata digna laude  
 Nec senescat tempore.

### RÉDANMTÈ-A

Rédanmtè-a, résévoua chan moun yo  
 K-ap fè louanj ou-a.

Piéboua ki jouinn nésans sot nan yon bèl limiè-a  
 Ap ofri bagay sa-a pou sakré-l,  
 Foul la ki prézan-an ki bésé tèt li-a  
 Ap poté bagay sa-a bay Sovè sièk la.

Ou minm, roua patri tout tan-an,  
 Aksépté konsakré oliv sa-a,  
 Sign vivan-an,  
 Dokuman kont démon yo.

Pou tout moun vi-n tou nèf  
 Avèk onksion krèm nan :  
 Ou géri blès  
 Gras a gloua dignité-a.

Antan léspri-a lavé nan fontèn sakré-a  
 Sé pou fot yo ralé kò yo,  
 Antan fron-an maké avèk sa-k sin anpil la  
 Kado spirituèl yo koulé.

Ou minm ki gin nésans sot nan kè Papa-a,  
 Antan ou plin zantray Vièj la,  
 Bay limiè, fèmin lanmò  
 Pou moun ki asosié avèk ou nan krèm nan.

Sé pou jou sa-a vi-n tounin yon fèt pou nou,  
 Pou tout tan gin tan,  
 Sé pou-l sakré avèk louanj konvnab  
 Sé pa pou-l viéyi nan tan-an.

**18.** Lè yo rivé dévan lotèl la oubyin dévan sièj la, Évèk la résévoua kado yo. Diak la, k-ap poté poban-an pou krèm sakré-a, li prezanté-l bay Évèk la, li di ak voua fò: Luil pou sin krèm nan, Évèk la résévoua-l, li rinnèt li bay youn nan diak yo k-ap sèvi-l la, diak la mété-l sou tab la ki té préparé-a. Sé minm bagay yo fè, sa yo ki poté poban luil malad yo ak katékumèn yo. Prémie-a di : Luil malad yo ; lòt la minm : Luil katékumèn yo. Évèk la résévoua yo tou, moun k-ap sèvi-l yo pozé yo sou tab ki paré-a.

**19.** Anfin, yo fè Mès la tankou sa yé nan rit konsélébrasion-an, jous nan finisman Priyè ékaristik la, sof si yo gin pou yo fè tout sérémoni bénédiksion-an tousuit (cf. n 12). Nan ka sa-a yo ranjé tout bagay tankou sa prezanté pi louin-an (n. 26).

## BÉNÉDIKSION LUIL MALAD YO

**20.** Anvan Évèk la di Per quem haec omnia (Granmèt, sé pa pouvoua Jézu-Kri ou toujou kréyé tout byin...) nan priyè Ékaristik I, oubyin konpliman Per ipsum (Bondié Papa nou, ou minm ki gin tout pouvoua é ki fè youn avèk Éspri-Sin-an...), nan lòt Priyè Ékaristik yo, moun ki poté poban luil malad yo, li poté-l sou lotèl la, li kinbé-l dévan Évèk la, pandan Évèk la ap béni luil malad yo, antan-l di priyè sa-a:

Bondié, Papa tout konsolasion,  
 ou minm ki, pa pouvoua Pitit ou-a,  
 té vlé géri féblès malad yo,  
 kouté priyè lafoua-a ak bon kè :  
 tanpri, voyé Éspri-Sin-ou nan, Paraklè-a,  
 sot nan sièl vi-n nan grès luil sa-a,  
 li minm ou té aksépté fè soti nan pié boua vèt la  
 pou réfè kò-a,  
 pou bénédiksyon-ou ki sin-an ✠ vi-n tounin pou tout moun  
 yo pasé pomad sa-a sou yo,  
 protéksyon kò, nanm ak éspri  
 pou chasé tout doukè, tout féblès, tout maladi.  
 Sé pou luil ou-a sin, Granmèt pou-ou béni-l pou nou  
 o non Granmèt nou Jézu-Kri.  
 (Li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

**R: Amèn)**

Dènié pati nan finisman-an Qui tecum (Li minm ki vivan), yo di-l sèlman lè yo fè bénédiksyon sa-a an déyò Priyè ékaristik la.

Lè bénédiksyon-an fini, yo rinmèt poban luil malad yo nan plas li, Mès la kontinué jous nan kominion-an nèt.

## BÉNÉDIKSION LUIL KATÉKUMÈN YO

21. Lè yo fi-n priyè apré kominion-an, sèvan yo dépozé poban yo avèk luil pou yo béni yo sou tab la ki té byin dispozé nan mitan koté ki rézèvé pou prèt yo. Évèk la gin prèt yo k-ap konsélébré yo toutalantou-l, chak bò, nan fòm yon kouròn, lòt sèvan yo kanpé dèyè-l, li fè bénédiksyon luil katékumèn yo, si y-ap béni-l, épi apré sa konsékrasyon krèm nan.

22. Tout moun fi-n ranjé konsa, Évèk la kanpé, li viré nan diréksyon pèp la, min-l louvri, li di lapriyè sa-a:



**Bondié, fòs ak sékou pèp ou-a,  
 ou minm ki té mété sign fòs nan créatu luil la,  
 aksépté béni ✠ luil sa-a;  
 épi katékumèn yo y-ap maké ak li-a,  
 ba yo fòs,  
 pou antan yo résévoua sajès ak puisans Bondié-a,  
 yo konprann Évanjil Kris ou-a pi afon,  
 yo kòmansé antré ak gran kouraj nan travay lavi krétyin-an,  
 épi antan ou fè yo mérité vi-n pitit adoptif,  
 yo kontan jouin nouvo nésans épi viv nan Égliz ou-a.  
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**R: Amèn.**

### KONSÉKRASION KRÈM NAN

**23. Apré sa Évèk la vidé pafin yo nan luil la, li fè krèm nan, sof si dépi anvan sa té déjà préparé, li fè sa san-l pa di anyin.**

**24. Lè sa fi-n fèt, li fè invtasion pou lapriyè :**

**Frè-m yo mouin rinmin anpil la,  
 an nou lapriyè Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,  
 pou-l béni pafin sa-a, pou-l fè-l sin;  
 konsa moun yo y-ap pasé-l sou yo sou pa déyò yo,  
 y-a maké sou pa anndan tou,  
 y-a mérité résévoua délivrans Bondié-a.**

**25. Apré sa, dapré sikonstans la, Évèk la souflé sou bouch poban krèm nan, li lonjé min-l, li di youn nan priyè konsékrasion sa yo:**

## 1

Bondié, ou minm ki lotè tout dévlopman  
ak progrè léspri,  
louvri kè-ou pou-ou résévoua mak respè rékonésans  
Égliz la ap prezanté-ou ak kè kontan  
palantrémiz voua nou.

Sé ou minm nan kòmansman ki té pasé tè-a lòd  
pou-l donnin pié boua k-ap bay foui,  
nan pami yo pié oliv yo t-ap fèt pou yo bay bon kalité luil sa-a,  
frui yo t-ap sèvi pou krèm nan ki sakré-a.

David li minm,  
gras a léspri profèt la,  
li té konnin sakréman gras ou yo davans,  
li té chanté kijan figu nou t-ap kontan nan luil la ;  
lè péché tè-a t-ap lavé avèk délij ki té vidé-a,  
yon kolonb té montré pòtré kado k-ap vini-an,  
antan-l anonsé kijan yo t-ap rinmèt tè-a lapè-a,  
pa lantrémiz yon ramo oliv.

Nan dènié tan yo sa déklaré nan rérealizasyon ki klè,  
lè, gras a dlo batèm nan  
dèt tout péché yo éfasé,  
onksion luil sa-a fè figu nou vi-n kontan, vi-n pozé.

Ou té pasé Moyiz sèvitè-ou la lòd  
pou-l fè Aaron frè-l la, vi-n prêt antan-l vidé luil sa-a sou li,  
lè-l fi-n lavé nan dlo.

Li rivé nan pi gran konsidérasion sa-a ankò,  
lè Pitit ou-a Jézu-Kri, Granmèt nou-an,  
té égzijé pou Jan lavé-l nan dlo Joudin yo,  
lè sa-a ou té voyé Éspri-Sin-an  
sou fòm yon kolonb sot anro-a,  
ou té déklaré ak témouagnaj voua-a ki vi-n rivé-a  
sé nan Sèl Pitit la ou jouinn pi bon plézi-ou,  
ou montré klè sé li minm ou chouazi

**pou-ou sakré-l ak luil kè kontan nan pami konpagnon-l yo,  
daprè sa profèt David té chanté  
nan léspri-l ki té ouè davans la.**

Tout konsélébran yo lonjé min douat yo sou krèm nan jous nan finisman priyè-a, san yo pa di anyin.

**Konsa n-ap lapriyè-ou Granmèt,  
pou-ou aksépté fè luil kréatu sa-a vi-n sin  
avèk bénédiksjon-ou ✠,  
vidé fòs Éspri-Sin-an nan li,  
gras a pouvoua Kris la k-ap travay ak li,  
sé nan non Kris la ki sin-an li résévoua non krèm nan,  
koté ou sakré prèt yo, roua yo, profèt yo ak mati-ou yo ;  
fè kréatu krèm sa-a vi-n tounin  
sakréman sové ki apouin-an ak lavi-a  
pou sa yo k-ap réfèt nan bingn batèm Éspri-a ;  
fè, gras a onksion sa-a k-ap fè yo vi-n sin-an,  
sa-k té gaté nan premié nésans la disparèt,  
yo vi-n tounin tanp grandè-ou,  
yo gayé lodè inosans lavi ki fè-ou plézi-a ;  
fè, daprè sakréman sa-ou fi-n desidé-a,  
yo jouinn konsidérasion roua, prèt ak profèt,  
yo abiyé ak rad kado ki pap gaté-a ;  
sa-a yo k-ap réfèt nan dlo-a ak Éspri-Sin-an  
sé pou-l vi-n tounin krèm k-ap sové yo-a,  
pou-l fè yo patisipé nan lavi tout tan-an,  
pou-l fè yo vi-n gin minm déstiné gloua sièl la.  
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

**✠ Amèn.**

## 2

Oubyin, yon lòt priyè:

Bondié ou minm ki lotè sakréman yo, ou minm, ki bay lavi,  
n-ap di mèsì pou bon kè-ou nou pa kapab palé,  
ou minm ki té voualé mistè luil k-ap fè nou vi-n sin-an  
nan kontra ansyin-an,  
épi lè tan yo vi-n réalizé-a,  
ou té vlé fè-l kléré yon fason ékstraòdinè  
nan Pitit ou-a ou rinmin-an.

Lè Pitit ou-a Granmèt nou-an,  
té fi-n délivré ras lézòm nan sakréman pak la,  
li té plin Égliz ou-a ak Éspri-Sin-an,  
li té ba-l ansègnman yon fason ékstraòdinè ak kado sièl yo,  
pou travay sovè-a té kapab réalizé sou tè-a palantrémiz li.

Dépi lè sa-a nan mistè sakré krèm nan  
ou bay lézòm richès gras ou yo,  
pou pitit ou yo ki fi-n réfèt nan bingn batèm nan,  
yo jouinn asirans nan onksion Éspri-a,  
yo vi-n sanblé ak Kris ou-a,  
yo patisipé nan ròl profèt li, prèt li ak roua li.

Tout konsélébran yo lonjé min douat yo sou krèm nan jous nan  
finisman priyè-a, san yo pa di anyin.

Konsa n-ap lapriyè-ou, Granmèt,  
pou, gras a pouvoua favè-ou,  
mélanj pafin sa-a ak luil sa-a  
vi-n tounin sakréman bénédiksion-ou ✠ pou nou ;  
vidé kado Éspri-Sin-an anpil  
sou frè nou yo koté y-ap vidé luil sa-a ;  
sou koté yo ak bagay yo k-ap maké ak luil sakré yo,  
fè klété-ou ki sin-an kléré ;

**min sitou gras a mistè luil bon lodè sa-a,  
fè Égliz ou-a vi-n gin plis moun,  
jous li rivé nan mézu sa-a ki plin nèt la,  
koté ou-ap kléré nan limiè tout tan-an,  
ou-ap tout bagay nan tout moun  
avèk Jézu-Kri nan Éspri-Sin-an pou tout tan gin tan.**

**R: Amèn.**

**26.** Lè tout sérémoni bénédikcion luil la fèt apré litiji paròl la, osito inivèsèl la fini, Évèk la avèk konsélébran yo alé bò tab la koté y-ap fè bénédikcion luil malad yo, luil katékumèn yo ak konsékrasion krèm nan, yo fè tout bagay jan sa prezanté pi ro-a (nn. 20-25).

**27.** Lè-l fi-n bay bénédikcion pou fini Mès la, Évèk la mété lansan, prosésion-an dirijé nan koté yo séré luil yo.

Luil ki béni yo, moun k-ap sèvi yo poté yo osito apré koua-a, chant yo ak pèp la ap chanté kèk vèsè kantik O Redemptor (Rédanmtè-a) (n. 17), oubyin yon lòt kantik ki adapté.

**28.** Nan koté pou yo séré yo-a, Évèk la bay prèt yo avètisman ki adapté sou fason pou yo okipé luil sakré yo, pou yo respékté yo, épi pou yo konsèvé yo avèk souin.



## **GID**

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Bondié-a .....	7
Sa pou yo noté anvan.....	9
Fason pou béni luil yo épi konsakré krèm nan .....	12
Bénédiksjon luil malad yo .....	15
Bénédiksjon luil katékumèn yo .....	16
Konsékrasion krèm lan .....	17
Gid.....	23

